

Kumenyeshwa inkurikizi ku buzima mugihe wemeye kuvugwa mu buvuzi

Bisobanura iki kumenyeshwa inkurikizi ku buzima mugihe wemeye kuvugwa mu buvuzi?

Abashinzwe ibikorwa vyo kuvura bazogufasha mugihe ufise indwara canke ikibazo co mu magara. Rimwe na rimwe ukeneye kwipimisha indwara canke kwivuza indwara, umukozi yitaho amagara y'abantu ategerezwa ku kubaza icemezo cuko wemeye inkurikizi ku buzima mugihe wemeye kuvugwa kugirango upimwe indwara canke uvugwe indwara. Kumenyeshwa inkurikizi ku buzima mugihe wemeye kuvugwa indwara ni mugihe utahuye neza ubundwayi bwawe canke ingorane zu buzima bwawe hanyuma ukemera ivyo Umukozi yitaho amagara yawe agiye kugukorera.

Utegerezwa ku menya ko ufise gu hitamwo uko wifuza kwivuza indwara imbere yuko wemera kuvugwa. Ufise guhitamwo kwemera kuvugwa canke ukabihakana.

Ni ayahé makuru nkeneye?

Umukozi yitaho amagara yawe azoguha amakuru azogufasha guhitamwo kwipimisha indwara canke kwivuza.

Ushobora kandi kubaza Umukozi yitaho amagara yawe ibibazo bikwirikira:

- » Ni iyihé ndwara mfise canke ingorane mfise mu magara yanje?
- » Nshobora gupimwa indwara gute canke kuvugwa gute?
- » Gupimwa indwara canke kuvugwa bizomfasha gute?
- » Gupimwa canke kuvugwa bishobora kuntera ingorane?
- » Izongorane zishobora kubangamira umuntu gute?
- » Hari ugupimwa canke kuvugwa bitandukanye?
- » Hashobora gukwirikira iki iyo umuntu amaze gupimwa indwara canke kuvugwa?
- » None nzoshobora kworohegw?
- » Bizofata igihe kingana gute ngo nzokorohegw?
- » Vyogenda gute mugihe ntokwivuza?



Bwira umukozi yitaho amagara yawe ko utumvise neza ico bisobanura ivyo bakubariye.

Kubera iki ngomba kwemere inkurikizi ku buzima bwanje mu kwemera kwivuza?

Muri Australia ni itegeko ko Umukozi yitaho amagara yawe yakira icemezo ko wemeye inkurikizi ku buzima bwawe mu kwivuza imbere yuko apima indwara zawe canke akuvura indwara.

Kubera iki ngomba gushira umukono ku cemezo ko nemeye inkurikizi ku buzima bwanje mu kwivuza?

Uzosabwa gushira umukono ku cemezo canditswe ko wemeye inkurikizi ku buzima bwawe mu kwivuza gushobora kugira ingaruka ziri hejuru nko kubagwa. Hari igihe ukeneye gusa kubwira Umukozi yitaho amagara yawe ko wemeye. Abakozi bitaho amagara y'abantu bazogupima indwara canke bazokuvura indwara nibo bonyeme bazosoma urwo gwandiko ko wemeye ingaruka ku buzima bwawe mu kwivuza.

Ugwandiko ko wemeye ingaruka ku buzima bwawe mu kwivuza ntamuntu numwe azorusoma atari abajejwe amagara yawe mu buvuzi.

Ninde ashobora kwemera ingaruka ku buzima mu kwivuza?

Nimba ushabora gutahura uburyo ushabora kwivuzamwo kandi ukaba ushabora kubwira umukozi yitaho amagara yawe ico wifuza, nukuvuga rero ushabora guhitamwo. Ushobora kuzana umuryango wawe, abagenzi canke abanyamuryango munini mugihe uje kubonana na muganga hanyuma ukabasaba impanuro. Rimwe na rimwe, umukozi yitaho amagara yawe, umwe mubagize umuryango canke umugenzi bashobora kugufatira ivyemezo mugihe ciutirwa cane ubuzima bwawe bugeramiwe.



Ninde ashobora kwemera ingaruka ku buzima bw'umwana mu kwivuza?

Mubisanze, umuvyeyi amuvyara, umurinzi canke umurezi aratanga icemezo yemeza ingaruka ku buzima bw'umwana afise imyaka iri musi ya 18 y'amavuko mu kwivuza. Iyo Umwana atahura neza ukwivuza n'ingaruka ku buzima bwiwe, ashobora kwitangira icemezo ko yemeye ingaruka ku buzima bwiwe mu kwivuza. Umukozi yitaho amagara y'abantu azoshishoza arabe ko ashobora kwitangira icemezo ko yemeye ingaruka ku buzima bwiwe mu kwivuza.

Nkenye kumenya ibingana gute?

Umukozi yitaho amagara y'abantu azoguha amakuru yose ukeneye. Azogerageza kwishura ibibazo vyawe vyose. Bwira Umukozi yitaho amagara yawe nimba hari ikintu utagomba kumenya cerekeye ugupimwa kw'indwara yawe canke kuvugwa kw'indwara yawe.

Hakenewe umwanya ungana gute kugirango umuntu afate icemezo?

Ivyemezo bigombwa gufatwa ningoga mugihe ubuzima bugeramiwe. Iyo ubuzima butageramiwe, ushobora gufata umwanya munini imbere yo kufata icemezo. Iyo utazi neza ivyerekereyanne n'ipimwa ry'indwara zawe canke ukwivuza indwara zawe, ushobora kuvugana n'uwindi mukozi yitaho amagara y'abantu aka gufasha kufata icemezo cawe.



Nda kenye umusobanuzi?

Rimwe na rimwe, birashoboka ko bigora gutahura ipimwa ry'indwara canke ivugwa ry'indwara. Kugirango ufate ivyemezo bibereye, bifise akamaro ko wewe n'umukozi yitaho amagara yawe ko mwovumvikana. Mugihe icongereza atari ururimi rwave rwa mbere, umusobanuzi yavyigiye ashobora kuza ku gusobanurira mugihe uje ku bonana na muganga. Abasobanuzi bagusigurira murikumwe canke bagusigurira kuri telefone ubaronka ku buntu. Wewe canke umukozi yitaho amagara yawe mushobora gusaba umusobanuzi mugiye co kuvugana ivyerekereye ubuzima bwawe. Amakuru ubariye umusobanuzi ayagira ibanga.

Bigenda gute iyo natenze icemezo ko nemeye ingaruka ku buzima bwanje mukwivuza hanyuma nkisubirako?

Ushobora buri igihe kwisubirako, nubwo woba waramaze gushira umukono ku cemezo ko wemenye ingaruka ku buzima bwawe mukwivuza canke waramaze kubwira umukozi yitaho amagara yawe ko wemeye gupimwa indwara canke kuvugwa indwara.

Wibuke

◊ Baza ibibazo

Bifise akamaro cane gutahura ivyo vyose umukozi yitaho amagara yawe yakubariye. Ushobora kubaza ibibazo uko bingana ukwariko kwose nkuko uvifyifa. Ushobora kuzana uwundi muntu wo ku gushigikira.

◊ Saba Umusobanuzi

Abasobanuzi bavyigiye ubaronka ku buntu. Borohereza wewe n'umukozi yitaho amagara yawe mu kumvikana.

◊ Ni wewe wihitiramwo

Nubwo woba waramaze kutanga icemezo ko wemeye ingaruka ku buzima bwawe mu kwivuza, ushobora guhindura icemezo umwanya uwariwo wose.



Partnering with Consumers - This patient information brochure
supports National Safety and Quality Health Service Standard 2 (2.4.1)
Consumers and/or carers provided feedback on this patient information.



Queensland
Government